

DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY

KONSANTMAN VOLONTÈ POU RETIRE TAKS FEDERAL SOU SALÈ

Ou dwe peye taks sou tout peman benefis pou edew retounen travay ou touche, si w genyen pou peye taks sou lajan ou touche.

Lwa Piblik 103-465 vle pou Department of Economic Opportunity retire ak kenbe taks federal sou lajan moun touche kòm benefis pou edew retounen travay, **si moun nan mande volontèman pou yo retire ak kenbe lajan an.** Ou mèt mande pou yo kenbe dediksyon ki egal **10 pousan** avantaj sosyal ou touche chak semenn, pou taks federal sou lajan ou touche. Ou gen dwa chanje sa ou mande kenbe a **de fwa**, pou pi plis, pou chak ane nan kalandriye a.

Y ap ba ou yon deklarasyon, sou Fòmilè 1099-G, nan fen mwa janvyè pou montre konbyen ou touche pou avantaj sosyal ak konbyen lajan yo kenbe pou ane anvan an. Y ap voye menm enfòmasyon sa a yo bay Biwo Kontribisyon Federal (IRS).

Lajan taks sou lajan moun touche a rete kòm depo nan yon kès gouvènman ameriken. Si gen lajan pou yo remèt ou, ou dwe mande IRS, menm jan ak si w te peye twòp lòt lajan pou taks.

Depatman isit na pa responsab pou remèt lajan yo te kenbe pou taks.

Ou kapab bezwen peye pou taks ki evalye davans. Pou plis enfòmasyon sou kilè pou fè peman sa a yo, gade piblikasyon IRS ki rele « Tax Withholding and Estimated Tax » la (Retire Taks ak Evalye Taks Davans), oswa kontakte Biwo Kontribisyon Federal la (IRS). **TANPRI, SI W GEN NENPÒT KI KESYON SOU RESPONSABILITE W NAN ZAFÈ TAKS, MANDE BIWO KONTRIBISYON FEDERAL LA (IRS).**

TANPRI, EKRI ENFÒMASYON YO MANDE NAN FÒMILE PI BA LA A, SI W VLE REFIZE, MANDE, OSWA SISPANN FÈ RETIRE LAJAN POU TAKS FEDERAL SOU SA OU TOUCHE .

OU MÈT VOYE FÒMILÈ A NAN LAPÒS OSWA NAN FAKS, NAN ADRÈS OSWA NIMEWO PI BA LA A:

Department of Economic Opportunity
P.O. BOX 5250
Tallahassee, Florida 32314-5250
Faks: (877) 934-1504

NON W (TANPRI, EKRI AN MAJISKIL): _____		
PRENON	LÈT NAN MITAN	NON FANMI
ADRÈS: _____		
NIMEWO SEKIRITE SOSYAL*		
<input type="checkbox"/>	Mwen pa vle mande pou retire lajan pou taks federal sou benefis pou edew r etounen travay.	
<input type="checkbox"/>	Avèk papyè sa a, mwen bay pèmision pou Department of Economic Opportunity retire epi kenbe lajan pou taks federal, sou benefis pou edew retounen travay.	
<input type="checkbox"/>	Avèk papyè sa a, mwen bay Department of Economic Opportunity pèmision pou sispann retire lajan pou taks federal sou benefis pou edew retounen travay.	
_____	_____	_____
SIYATI	DAT	

TANN DIS JOU POU CHANJMAN YO PARÈT.

*LWA SOU KOZE PÈSONÈL

Enfòmasyon ou bay depatman na, li se yon bagay ki volontè e li sekre men nou beswen yo pou nou ka fè pwosès la pou ou. Selon kòd entènal Revni de 1986 e ak sekirite sosyal 42 U.S.C. 1320 b-7 (a) 1, e 443.091(1)(h), F.S., li obligatwa pou revele nimewo sekirite sosyal ou. Depatman na ap itilize nimewo w la pou rapòte lajan chomaj bay (IRS) pou zafè taks. Daprè yon akò avek Federal Deficit Reduction Act la, yon changement nan (Federal Social Security ACT) et 5 U.S.C. 552a (o) (1) (D), enfòmasyon ou bay yo ap gen pou yo verifye nan sistèm computer-a epi infòmasyon avèk lajan ou touche epi avèk reklamasyon ap gen pou ale nan lòt buwo Federal, Etat, et agens lokal yo. Ou byen by lòt contracte yo, epi ya va verifye enba lòt gouvènman program yo genyen pou yo ka wè si ke tout benefis yo paye jan yo ta dwe peye a et pou kapab konnen si travay yo efektif, et ce yo moyen pou rechèch o profi de bon sevis.

Se yon pwogram ki bay tout moun menm chans la. Gen lòt èd epi sèvis pou moun ki andikape, men fòk ou mande pou li.